



Dr. Albert B. Consentino Middle School

Dr. Richard J. Poor, *Principal*

John Mele, *Assistant Principal*

Amy Maldonado, *Assistant Principal*

Kontra Middle School Kominotè Dr Albert B. Consentino

2022-2023

Lè ou te antre nan Middle School Kominotè Consentino a, ou te antre nan yon ekip. Pou reyalize misyon nou ki se siksè elèv la lekòl segondè, inivèsite ak pi lwen, nou dwe travay ansanm. Nou tout dwe gen yon konpreyansyon konplè e klè sou responsablite chak manm nan ekip sa. Kontra Middle School Kominotè Dr Albert B. Consentino la idantifye responsablite ak angajman ki pi enpòtan nou yo kòm yon kominote.

Angajman lekòl la

EDIKASYON DE KALITE WO

- Nou pral travay san pran souf pou asire ke elèv nou yo jwenn bonjan edikasyon yo merite. Nou pap ni fè ni aksepte eskiz.
- Nou pral travay aktivman an patenarya ak fanmi yo pou asire ke yo okouran epi gen yon vwa nan pwogrè elèv yo ak edikasyon jeneral yo.

RESPÈ & JISTIS

- Nou pral ankouraje ak respekte chak elèv. Nou pral koute elèv yo ak bezwen yo. Nou pap tolere elèv yo derespekte youn ak lòt.
- Nou pral toujou e ak jistis anseye ak ranfòse valè PRIDE Consentino nou yo. Nou pral kominike avèk fanmi yo lè elèv yo pa satisfè atant yo menm jan lè yo depase atant yo. Desizyon, ki gen ladan yo konsekans, pral pran nan pi bon enterè elèv nou yo.
- Nou pral bay elèv yo rekonesans, ankourajman ak privilèj si yo fè byen epi ba yo konsekans epi retire privilèj si yo pa fè byen.

KOMINIKASYON

- Nou pral kominike regilyèman ak fanmi yo sou pwogrè pitit yo epi met tèt nou disponib an pèsòn ak nan telefòn.
- Nou pral retounen apèl telefòn paran yo ak e-mail yo pi vit ke posib, anjeneral nan espas 24 èdtan.

DEVWA & SIPÒ AKADEMIK

- Nou pral bay bon kalite devwa chak swa pou ranfòse ak sipòte konpetans ak konsèp yo te aprann nan klas la.
- Nou pral sipòte elèv yo ak bon jan ansèyman ak èd anplis pandan jounen lekòl la ak apre / anvan lekòl jan sa nesesè.

SEKIRITE

- Nou pral toujou travay pou bay yon anviwònman aprantisaj san danje. Nou pral toujou travay pou pwoteje sekirite, diyite ak dwa tout moun.

Angajman Fanmi

PREZANS & PWOMOSYON

- Mwen pral asire ke pitit mwen an vini lekòl chak jou a 8:30 am.
- Mwen pap planifye vakans familyal pandan lè lekòl la. Mwen pral fè tout posib mwen pou m' pa pran randevou enpòtan nan lè lekòl la.
- Mwen konprann ke pitit mwen an ka double si li echwe 2 oswa plis klas akademik debaz, oswa si li absan pou plis pase 15 jou nan ane lekòl la. Mwen konprann ke elèv 8yèm ane ki echwe 2 oswa plis klas akademik debaz yo pral oblije ale e pase on pwogram lekòl ete pou yo ka monte nan high school.

DEVWA & SIPÒ AKADEMIK

- Mwen pral bay elèv mwen an yon kote trankil pou l' etidye ak gade li pase anviwon 2 èdtan oswa plis nan fè devwa ak 25 minit lekti chak swa.
- Mwen pral tcheke devwa pitit mwen an chak swa.
- M ap ede pitit mwen an etidye pou tèz ak egzamen epi m ap ba li sipò lè li bezwen èd epi fè lwanj pou li lè li fè byen.
- Mwen pral ankouraje pitit mwen pou defann tèt li epi kominike avèk pwofesè yo pou èd siplemantè, opòtinite anrichisman, elatriye.

KONPÒTMAN & KÒD ABIMAN

- Mwen konprann yo pral sispann pitit mwen an deyò lekòl la si yo vyole kòd konduit la e mwen pral oblije vini lekòl la pou yon reyinyon fanmi.
- Si konpòtman elèv la mande sa, mwen pral vini lekòl la touswit. Si li sispann deyò lekòl la, mwen ap retire pitit mwen an nan batiman an.
- Mwen konprann ke lekòl la swiv yon plan entèvansyon ak prevansyon strik sou entimidasyon epi si pitit mwen an vyole plan sa, y ap fè fas ak konsekans ki endike nan plan sa.
- M ap voye pitit mwen an selon kòd abiman apwopriye chak jou an akò avèk Manyèl Elèv HPS la.

SIPÒ FANMI & KOMINIKASYON

- Mwen dakò pou travay kòm yon pati nan ekip pou siksè akademik ak konpòtman pitit mwen an. Mwen ap retounen apèl nan telefòn, revize & siyen dokiman yo voye lakay la ki gen ladann rapò sou pwogrè (Kanè) . Mwen pral patisipe nan konferans ak reyinyon paran-pwofesè sou pitit mwen an.

Angajman Elèv la

EFÒ & ÈD

- Mwen konprann edikasyon mwen primòdyal. Yon elèv se travay mwen. Mwen pral toujou travay,panse ak konpòte mwen nan pi bon fason mwen konnen.
- Mwen ap fè tout sak kapab pou elèv parèy mwen yo ak mwen aprann. Mwen ap fè tout devwa mwen. Mwen pral travay depase atant lekòl la.
- Si mwen bezwen èd, mwen ap mande. Si mwen ka bay èd, mwen ap ba li. Mwen pap kritike lòt elèv yo.

PREZANS & KÒD ABIMAN

- M ap vin lekòl e prè pou mwen aprann a 8:30 am.
- Si mwen gen poum rate klas la oswa lekòl la, mwen ap mande e fè tout devwa. Mwen ap rete apre lekòl si / lè mwen oblije fè sa.
- M ap vin lekòl abiye kòm sadwa dapre Manyèl Elèv HPS la

KOMINIKASYON

- Mwen ap koute direksyon. Mwen pral li epi reli direksyon yo avan mwen mande èd. Si mwen pa ka rezoud pwoblèm poukont mwen, mwen ap leve men m' epi mande èd. Mwen ap ede kamarad klas mwen yo si yo bezwen èd. Mwen pap fè eskiz. Mwen pral onèt ak pwofesè mwen yo e ak tèt mwen.

RESPONSABLITE & ONÈTETE

- Si mwen fè yon erè, mwen ap di verite a e aksepte responsablite pou aksyon mwen. Mwen ap fè sa ki dwat, menm lè pa gen moun ki ap gade.

ATANT (PRIDE)

- Mwen ap respekte pwofesè mwen yo, kamarad mwen yo ak tèt mwen. Mwen pral evite tout konpòtman derespektan ki gen ladan manje dan, woule je, elatriye.
- Mwen konprann atant PRIDE nou yo e mwen pral enkòpore yo chak jou. Mwen pral swiv règleman lekòl la pou pwoteje sekirite ak dwa tout moun epi pou mwen pa detwi opòtinite edikasyonèl lòt moun. Mwen pral aksepte konsekans yo si mwen pa satisfè atant PRIDE nou yo.

Richard J. Poor

08/30/2022

Siyati Reprèzantan lekòl la

Date

Siyati Manm Fanmi an

Date

Siyati Elèv la

Date